



APÈSI RESTORAN YO

Plan ki anba a reprezante rekòmandasyon operasyonèl Vil Boston pou **Restoran yo**. Rekòmandasyon operasyonèl sa yo entegre [Nòm Sekirite Espas travay Commonwealth la byen presi pou Sektè a pou Operatè Restoran yo](#), epi yo konplete avèk rekòmandasyon ki baze sou konsèy Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) ak asosyasyon endistri a pou ofri pi bonpi bon pratik pou garanti distans sosyal ak diminye risk nan evènman yo, ansanm ak pou prepare epi retounen nan espas travay fizik la, prepare mendèv la, epi asire ke operasyon yo kontinye.

Rekòmandasyon operasyonèl sa yo aplike pou alafwa operasyon restoran andedan ak restoran deyò ki otorize pandan Faz 2 ak Faz 3, Etap 1 plan reouvèti pwogresif Commonwealth la, epi Vil Boston ka chanje yo nenpòt ki lè baze sou chanjman nan Nòm Sekirite Espas Travay Commonwealth la, konsèy CDC yo, oswa lòt enfòmasyon sou sante piblik oswa lòt enfòmasyon oswa analiz sante piblik.

Byenke yo otorize sèvis tab andedan, yo ankouraje pou restoran yo òganize operasyon yo pou yo fonksyone pa mwayen sèvis tab deyò otank posib ak pou mete limit nan sèvis tab andedan an yon fason estrik pou asire yon konfòmite efikas avèk egzijans distans sosyal yo ak pou limite aktivite nan espas fèmèn yo. Restoran yo dwe respekte estanda sekirite sa yo pou bay sèvis manje nan tout zòn kote kliyan chita.

Rekòmandasyon operasyonèl sa yo bay biznis Vil Boston yo eklèsisman sou fason pou opere nan Boston etandone divèsite, dansite, popilasyon, ak anviwònman konstriksyon inik Vil la. Men, biznis yo dwe respekte toutan tout estanda Eta a genyen anvigè aktyèlman.

Tout aksyon ki antreprann pou respekte nòm Commonwealth la ak rekòmandasyon Vil Boston yo dwe respekte tou règleman konsènan Lwa Anfavè Ameriken Andikape (Americans with Disabilities Act) ak Konsèy Aksesibilite Achitekti Massachusetts (Massachusetts Architectural Access Board). Anplis nòm sa yo, òganizatè evènman yo dwe kontinye respekte tout règleman, politik, sètifikasyon ak egzijans lisans aplikab yo sanzesepsyon onivo lokal, Eta, ak federal pou etablisman yo a.

Respè rekòmandasyon sa yo pral asire yon pi bon sante ak sekirite piblik. Vil Boston ankouraje atoutfòs pou moun ki nan popilasyon frajil yo, espesyalman granmoun aje yo ak moun ki gen pwoblèm medikal kache anba yo, pou yo kontinye evite sòti an piblik ki pa nesèsè ak sèvis ki pa endispansab. Sante pèsonèl la tou se yon faktè ki enpòtan anpil pou konnen si restoran yo ka louvri ak sèvi kliyan yo an tout sekirite.



Sa ki enpòtan pou konsidere

- Reouvèti sèvis yo pral ogmante risk pou pwopagasyon COVID-19; konsa, objektif la se pou konnen, kominike, ak jere risk transmisyon yo.
- Pwogram, sèvis, ak endistri yo dwe modifiye—kèk nan yo anpil—pandan plizyè mwa oswa pi lontan jiskaske yo devlope yon vaksen oswa tretman ki efikas.
- Tout plan yo dwe gen ladan mekanis ki pèmèt pwogram ak sèvis yo kapab redui rapidman si ka ak lanmò COVID-19 yo kòmanse ogmante.
- Mesaj ak kominikasyon piblik ki apwopriye sou plan lang ak kilti enpòtan anpil.
- Eksperyans ak bezwen moun ki afekte yon fason demezire ap neglije si yo pa konsidere klèman nan tout plan yo.

NÒM OBLIGATWA COMMONWEALTH MASSACHUSETTS

Okenn aktivite nan nenpòt restoran pa dwe fèt san respekte estanda sekirite yo pou COVID-19. Nòm sa yo aplike pou tout antrepriz ki otorize fonksyone jiskaske Eta a anile oswa modifiye yo, sòf kote estanda byen presi pou sektè a aplikab pou yon pati oswa pou tout aktivite antrepriz la, epi nan ka sa, antrepriz yo dwe swiv estanda byen presi sa yo pou sektè a. Pwopriyetè antrepriz la ap responsab pou respè nòm sa yo:

- [Estanda Sekirite Espas Travay Byen Presi pou Sektè a pou Restoran yo nan Massachusetts](#)

SALAMANJE DEYÒ

NÒM OBLIGATWA COMMONWEALTH MASSACHUSETTS

- Sèvis tab deyò vle di sèvis yo bay deyò anvlòp bilding restoran an, tankou sou yon twotwa, teras, lakou, gazon, zòn pakin, oswa lòt espas deyò.
 - Yo gendwa itilize pou manje anplennè tout espas deyò ki egziste deja yo (sètadi, teras oswa teras sou twati) depi yo reyaranje plas yo pou respekte tout estanda distans sosyal ak sekirite yo (gade anba a).
- Yo kapab bay sèvis tab deyò anba ti-tant oswa parasòl tab oswa lòt kouvèti pou pwoteje kont tan an, toutotan omwen 50 pousan nan perimèt nenpòt espas pou manje ki kouvri rete ouvè epi li pa bare okenn lè ak okenn kalite bagay sou kote oswa baryè.

EGZIJANS OPERASYONÈL VIL BOSTON

- Nenpòt etablisman otorize nan Vil Boston k ap chèche itilize yon espas deyò ki pa otorize aktyèlman dapre akò lisans ki egziste a dwe resevwa apwobasyon Komisyon Lisans Boston.



- Definisyon yon lokal otorize se yon lokal ki gen otorizasyon Komisyon Lisans Vil Boston ki gen yon Lisans valid Founisè Pwovizyon Komen oswa pou Bwason ki gen Alkòl.
- Nenpòt apwobasyon yo pral fèt sou yon baz tanporè, ki san presedan akòz kriz sante piblik COVID-19 la.
- Nenpòt detantè lisans ke yo akòde yon ekstansyon tanporè dwe respekte tout règ, règleman, lwa, konsèy ak machaswiv ke vil la, Eta a, ak gouvènman federal la pibliye, sa gen ladan tout egzijans distans sosyal yo.
- Ajans respektif yo ka modifiye tout sa ki endike anwo la a nenpòt lè.
- Pou prepare pou aplike pou ekstansyon nan espas deyò pou yon lokal otorize, tanpri itilize sa ki annapre la yo kòm referans:
 - [Konsèy pou ekstansyon sou pwopriyete piblik deyò](#) (gen ladan egzamp dokiman ak foto)
 - [Konsèy pou ekstansyon sou pwopriyete prive deyò](#)
- Tout lokal otorize yo ap respekte pwosesis ki annapre la a pou chèche apwobasyon pou ekstansyon an:
 - Soumèt kesyonè inisyal la konsènan yon pwopozisyon ekstansyon tanporè lokal otorize a sou espas deyò.
 - Y ap pran enfòmasyon nan men detantè lisans lan pou detèmine si pwopozisyon ekstansyon an kapab reyalize sou pwopriyete prive, pwopriyete piblik, oswa toude.
 - Ekstansyon nan wout piblik, keseswa sou twotwa oswa sou lari, mande evalyasyon plizyè depatman pou konfime ke sa kapab fèt pandan y ap asire sekirite kliyan ak anplwaye yo.
 - Nan premye egzamen kesyonè a, Komisyon Lisans lan pral kontakte detantè lisans yo pa imèl konsènan pwochen etap yo, ki ka gen ladan pou yo ranpli yon dezyèm kesyonè.
 - ◇ Si yon dezyèm kesyonè obligatwa, yon detantè lisans dwe soumèt sa ki annapre la yo:
 - Plan pou Sekirite
 - Plan pou Sante, Sekirite, ak Operasyon
 - Fich enfòmasyon fabrikan an ak/oswa foto baryè yo vle yo
 - Kopi Sètifika Enspeksyon an
 - Prèv dwa legal pou okipasyon (espas prive)



- Foto resan espas ekstansyon ki pwopoze a

LÒT ENFÒMASYON ANPLIS

Machaswiv ak resous sekirite anplis sa yo disponib pou soutni restoran yo.

Depatman Travay Etazini (U.S. Department of Labor), Administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay (Occupational Safety and Health Administration, OSHA)

- [Paj Wèb OSHA – COVID-19](#)
- [OSHA – Paj Wèb Machaswiv pou Aplikasyon](#)
- [Fich Enfòmasyon OSHA](#) – Pwoteje Travayè yo Pandan yon Pandemi

Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC)

- [CDC – Rekòmandasyon pou Netwayaj ak Dezenfeksyon Anviwònman an](#)
- [CDC – Konsèy Pwovizwa pou Biznis ak Patwon yo pou Planifye ak Reponn pou Maladi Kowonaviris](#) (mizajou 3/21/20)

Ajans pou Pwoteksyon Anviwònman Etazini (U.S. Environmental Protection Agency, EPA)

Lis dezenfektan EPA apwouve yo:

- <https://www.epa.gov/pesticide-registration/list-n-disinfectants-use-against-sars-cov-2>

Depatman Travay Etazini

Enfòmasyon sou dwa konje anplwaye:

- [Lwa Depatman Travay Fanmi Anpremye nan Repons pou Kowonaviris](#)



LIS KONTWÒL OPERASYONÈL RESTORAN YO

Estanda sekirite nan espas travay annapre la yo òganize sou kat kategori apa ki kouvri Espas Fizik ak Distans Sosyal; Jesyon ak Anplwaye; Pwotokòl pou Netwayaj, Dezenfeksyon ak Ijyèn; ak Ka Konfime yo. Gid Operasyonèl sa a baze sou [Estanda Sekirite Espas Travay Byen Presi pou Sektè a pou Restoran yo nan Commonwealth Massachusetts la](#), ke yo mete ajou 6 jiyè 2020. Tanpri konnen: Pou tout lis kontwòl annapre la yo, eleman ki endike an karaktè fonsè yo se nòm Commonwealth Massachusetts la pibliye. Eleman ki pa endike an karaktè fonsè yo se nòm anplis ke Vil Boston egzije oswa rekòmande.

LIS KONTWÒL ESPAS FIZIK AK DISTANS SOSYAL

Jesyon ak pèsònèl anplwaye restoran an dwe mete anplas pwosedi ak modifikasyon fizik pou asire ke distans sosyal disponib, e ke tout travayè yo ak kliyan yo respekte yo. Operatè restoran yo dwe anvizaje tou pou mete anplas eleman yo ki endike kòm “Pi bon Pratik/Rekòmandasyon” lè sa apwopriye ak posib.

Egzijans obligatwa	Sitiyasyon
<p>Byenke yo otorize sèvis tab andedan, yo ankouraje pou restoran yo òganize operasyon yo pou yo fonksyone pa mwayen sèvis tab deyò otank posib ak pou mete limit nan sèvis tab andedan an yon fason estrik pou asire yon konfòmite efikas avèk egzijans distans sosyal yo ak pou limite aktivite nan espas fèmèn yo.</p>	<p><input type="checkbox"/> Ap fèt</p>
<p>Restoran yo dwe respekte règ distans sosyal annapre la yo ki pou sektè a preziman pou bay sèvis manje nan tout zòn kote kliyan chita:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Tablo yo dwe pozisyonèl yon fason pou kenbe omwen yon distans 6 pye parapò ak tout lòt tab yo ak tout zòn gwo trafik apye yo pa egzanp, wout pou twalèt yo, antre yo, sòti yo); tab yo ka pozisyonèl pi pre si yo separe ak baryè pwoteksyon/ki pa pèmeyab (pa egzanp, estrikti miray oswa klwazon plexiglas) ki gen omwen 6 pye wotè ki enstale ant tab yo ak zòn gwo trafik apye yo. ● Gwosè yon gwoup ki chita sou yon tab pa ka depase sis moun. ● Restoran yo pa ka mete okenn kliyan chita nan ba a, men, depandand nennpòt egzijans kòd bilding ak kòd ensandi aplikab, yo gendwa reyaranje zòn ba yo pou mete tab pou chita ki respekte tout egzijans espasman ak lòt egzijans ki nan estanda sekirite COVID-19 sa yo. ● Tout kliyan yo dwe chita; sèvis manje pou kliyan kanpe entèdi (pa egzanp, toutotou zòn ba). 	<p><input type="checkbox"/> Ap fèt</p>



<ul style="list-style-type: none"> • Restoran yo ka bay sèvis a-anpòte oswa sèvis livrezon, men tout estanda sekirite yo pou separasyon tab, gwosè gwoup, ak ijyèn dwe respekte pou tout tab andedan oswa deyò ki disponib pou kliyan kòmman a-anpòte yo chita. • Pou anpeche rasanbleman kliyan yo, yo dwe fèmen oswa retire tout lòt ekipman ak zòn ki pa itilize pou sèvis manje ak bwason (pa egzanp, pis dans, tab biya, teren jwèt, elatriye). 	
<p>Asire separasyon 6 pye oswa plis ant tout moun (travayè, founisè, ak kliyan) sòf si sa kreye yon danje pou sekirite akòz nati travay la oswa aranjman espas travay la:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Fèmen oswa reyaranje espas komen travayè yo ak zòn gwo dansite kote travayè yo gen anpil chans rasanble (pa egzanp, chanm pou pran brek, zòn pou manje) pou pèmèt yon distans fizik 6 pye; reyaranje pòs travay yo pou garanti distans fizik (pa egzanp tab separe, chanje pòs travay yo chak kote liy tretman yo dekwa pou travayè yo pa fas pou fas, itilize makè distans pou garanti espasman, sa gen ladan nan zòn kizin lan). • Etabli koulwa ak pasaj ki bay direksyon pou trafik apye, si sa posib, pou diminye kontak nèt (pa egzanp, antre ak sòti sans inik nan restoran an). Afiche siyalizasyon vizib aklè konsènan règleman sa yo. • Entèdi trennen nan zòn kominal yo (pa egzanp, saldatant, twalèt) epi, pou asire distans sosyal nan zòn kominal yo, make espasman 6 pye avèk tep oswa penti sou planche a epi siyalizasyon. • Tout travayè ki an kontak ak kliyan (pa egzanp, sèvè, èd sèvè) dwe diminye nèt tan yo pase nan mwenske 6 pye ak kliyan yo. 	<input type="checkbox"/> Ap fèt
<p>Deziyen zòn travay ki afekte pou travayè yo kote sa posib pou limite mouvman nan tout restoran an ak pou limite kontak ant travayè yo (pa egzanp, afekte zòn pou sèvè yo).</p>	<input type="checkbox"/> Ap fèt
<p>Chanje orè travay ak lè pou manje midi ak brek pou pèsonèl la, sa ki regle kantite maksimòm moun ki nan yon sèl kote, epi asire omwen 6 pye distans fizik.</p>	<input type="checkbox"/> Ap fèt
<p>Diminye nèt itilizasyon espas jennen yo (pa egzanp asansè, veyikil) pou li pa plis pase yon moun yon sèl kou.</p>	<input type="checkbox"/> Ap fèt
<p>Egzije pwoteksyon figi pou tout kliyan ak travayè yo toutan eksepte lè yon moun pa kapab mete yon pwoteksyon figi akòz pwoblèm medikal oswa andikap.</p>	<input type="checkbox"/> Ap fèt
<p>Kliyan yo ka retire pwoteksyon figi yo pandan yo chita sou tab.</p>	<input type="checkbox"/> Ap fèt
<p align="center">Pi bonPratik/Rekòmandasyon</p>	<p align="center">Sitiyasyon</p>



Deziyen zòn travay ki afekte pou travayè yo kote sa posib pou limite mouvman nan tout restoran an ak pou limite kontak ant travayè yo (pa egzanp, afekte zòn pou sèvè yo).	<input type="checkbox"/> Ap fèt
--	---------------------------------

LIS KONTWÒL JESYON AK ANPLWAYE RESTORAN

Jesyon ak pèsònèl anplwaye restoran an dwe asire ke egzijans obligatwa sa yo pou kantite anplwaye ak operasyon yo aplike epi respekte toutan. Jesyon restoran an dwe anvizaje tou pou mete anplas eleman yo ki endike kòm “Pi bon Pratik/Rekòmandasyon” lè sa apwopriye ak posib.

Egzijans obligatwa	Sitiyasyon
Lè sa posib, yo dwe ankouraje rezèvasyon oswa plas pou chita lè yo rele moun; manadjè yo dwe asire ke kliyan ki vin pou dine k ap tann tab yo pa rasanble nan zòn kominal yo fòmè liy.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Lè y ap pran rezèvasyon yo ak lè y ap fè kliyan ki san randevou yo chita, restoran yo dwe konsève nimewo telefòn yon moun nan gwoup la pou kontakte pou posiblite rechèch kontak.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Restoran yo pa ka bay kliyan yo avètisè oswa lòt aparèy pou bay alèt ke chèz disponib oswa ke kòmand yo pare; restoran yo dwe itilize pito metòd san kontak tankou anons odyo, mesaj tèks, ak avi sou ekran videyo fiks oswa tablo nwa.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Bay fòmasyon pou travayè yo sou enfòmasyon ajou nan zafè sekirite ak prekosyon, sa gen ladan ijyèn ak lòt mezi ki vize redui transmisyon maladi, ansanm ak: <ul style="list-style-type: none"> • Distans sosyal, lavaj men, ak egzijans pou bon itilizasyon pwoteksyon figi; • Modifye pratik pou sèvi yo pou diminye nèt tan ki pase nan mwenske 6 pye ak kliyan yo; • Evalyasyon tèt ou lakay ou, sa gen ladan kontwòl tanperati oswa sentòm yo; • Ensiste ke anplwaye yo pa ka vini nan travay si yo malad; • Kilè pou chèche jwenn swen medikal si sentòm yo vin grav; ak, • Ki pwoblèm sante kache anba ki ka rann moun pi fasil pou trape ak soufri yon ka grav ak viris la. 	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Operatè restoran yo dwe mete anplas èdtan ak peryòd travay ajiste nan espas travay la pou diminye nèt kontak ant travayè yo epi redwi konjesyon nan pwen dantre yo.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Limite vizitè ak founisè sou plas yo; ekspedisyon ak livrezon yo dwe fèt nan zòn deziyen yo.	<input type="checkbox"/> Ap fèt



Travayè yo pa dwe prezante nan travay si yo santi yo malad.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
<p>Pou evalue travayè yo nan chak peryòd travay, restoran yo dwe asire sa ki annapre la yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Travayè yo pa gen okenn sentòm tankou lafyèv (100°F ak piwo) oswa frison, tous, souf kout, malgòj, fatig, maltèt, doule nan misk/doule nan kò, nen k ap koule/konjesyon, nouvo pèt kapasite pou pran gou oswa pran sant, oswa kèplen, vomisman, oswa dyare. • Travayè yo pa te gen “kontak pwòch” ak yon moun ki gen yon dyagnostik COVID-19. “Kontak pwòch” vle di ap viv nan menm kay ak yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19, ap pran swen yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19, te nan mwens ke 6 pye distans pandan 15 minit oswa plis ak yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19, oswa antre an kontak dirèk avèk sekresyon (pa egzanzp, pataje istansil, li te touse sou ou) yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19 pandan moun sa a pa te gen sentòm. • Doktè li oswa yon responsab sante piblik lokal pa te mande travayè a pou li izole oswa pou mete tèt li an karantèn. • Yo dwe voye lakay yo travayè ki pa ranpli kritè yo ki anwo a. 	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Yo ka refize antre pou nenpòt moun ki montre siy maladi.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Travayè yo dwe rete lakay yo si yo santi yo malad.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Ankouraje travayè ki teste pozitif pou COVID-19 pou yo devwale sa bay patwon an pou rezon netwayaj/dezenfeksyon ak rechèch kontak. Si yo avèti patwon an pou yon ka pozitif nan espas travay la, patwon an dwe enfòme Konsèy Sante lokal (Local Board Of Health, LBOH) nan gran vil la oswa vil kote espas travay la sitiye epi ede LBOH lan nan mezi yo mande yon fason rezonab pou konseye kontak pwobab yo izole ak mete tèt an karantèn. Yo ka rekòmande pou fè tès pou lòt travayè yo annakò avèk direktiv ak/oswa sou demann LBOH lan.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Avèti travayè yo ke yo pa ka travay si yo teste pozitif pou COVID-19 (yo dwe izole tèt yo lakay yo) oswa si yo jwenn ke yo se yon kontak pwòch yon moun ki gen COVID-19 (yo dwe mete yo an karantèn lakay yo).	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Afiche pou travayè yo ak kliyan yo avi enfòmasyon sou sante ak mezi sekirite aplikab yo, jan sa endike nan Nòm Sekirite Obligatwa Commonwealth la pou Espas Travay.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Deziyen Moun ki Responsab la (105 CMR 590) pou chak peryòd travay pou sipèvize aplikasyon machaswiv yo ki nan dokiman sa a.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Restoran yo ap otorize ogmante omaksimòm espas pou manje deyò, sa gen ladan galri ak paking kote sa disponib, lè yo jwenn apwobasyon minisipal.	<input type="checkbox"/> Ap fèt



<p>Lòt ekipman ak sèvis anplis sou plas yo ka ouvri ak opere sèlman lè ekipman oswa sèvis sa yo ta otorize fonksyone otreman dapre Plan Reouvèti Pwogresif Commonwealth la, epi apre sa yo dwe respekte tout pwotokòl sekirite byen presi pou sektè a, ki disponib sou sitwèb Plan Reouvèti a, ki aplikab pou ekipman oswa sèvis la. Egzanp yo gen ladan sa ki annapre yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Tab biya, flechèt, ak lòt jwèt andedan: Dwe rete fèmen. • Espektak mizik ak lòt espektak yo: Dwe swiv dokiman oryantasyon Teyat ak Espektak ki pi resan an. • Direktiv lokal yo, sa gen ladan distans ant atis yo, ak ant atis yo ak espektatè yo. Espektak nan lokal andedan yo pa ka gen ladan chante oswa jwe enstriman van oswa kwiv. • Pis dans yo: Dwe rete fèmen jiska Faz 4. • Magazen kado yo: Dwe swiv dokiman oryantasyon detayan ki pi resan an. 	<input type="checkbox"/> Ap fèt
<p>Lòt rekòmandasyon anplis Vil Boston:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Kominike règleman espas travay la klèman, souvan, ak pa mwayen plizyè kanal. • Konsidere apèl konferans chak jou avèk tout pèsonèl la oswa tchèk vityèl pou distribye enfòmasyon ak chanjman politik yo. • Pou evite stigma ak diskriminasyon nan espas travay la, kenbe enfòmasyon medikal yo prive annakò avèk lwa Eta ak federal yo. • Kenbe politik estrik kont diskriminasyon, ak yon politik zewo tolerans pou nenpòt sipozisyon risk oswa eta enfeksyon COVID-19 ki baze sou ras oswa peyi kote moun sòti, epi ofri yon fason san danje pou travayè yo rapòte yon ka diskriminasyon. 	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Pi bon Pratik/Rekòmandasyon	Sitiyasyon
<p>Ankouraje itilizasyon solisyon teknolojik kote sa posib pou diminye entèraksyon moun ak moun (pa egzanp, peman san kontak, kòmand nan mobil, voye tèks pou chita lè moun rive).</p>	<input type="checkbox"/> Ap fèt
<p>Yo ankouraje travayè ki gen gwo risk espesyalman pou COVID-19 dapre CDC (pa egzanp, akòz laj oswa pwoblèm kache anba) pou yo rete lakay yo oswa fè aranjman pou yon lòt afektasyon travay.</p>	<input type="checkbox"/> Ap fèt
<p>Yo ankouraje atoutfòs pou travayè yo kominike bay patwon an sentòm yo idantifye yomenm oswa nenpòt kontak pwòch avèk yon ka COVID-19 koni oswa sispèk.</p>	<input type="checkbox"/> Ap fèt
<p>Anvizaje rezève èdtan fonksyònman byen presi sèlman pou popilasyon frajil yo.</p>	<input type="checkbox"/> Ap fèt

Si ou gen nenpòt kesyon sou rekòmandasyon operasyonèl Vil Boston pou biznis, patwon, ak pwopriyetè komèsyal yo konsènan estrateji pou retounen nan travay pou espas travay biwo yo, tanpri yon imèl bay reopening@boston.gov.



<p>Limite anplwaye nan zòn travay diskre pou minimize youn monte sou lòt lè sa posibil.</p>	<p><input type="checkbox"/> Ap fèt</p>
<p>Operatè restoran yo dwe fè kontwòl depistaj sentòm lè kliyan yo antre nan restoran an. Ankouraje kliyan yo retounen lakay yo si kliyan an oswa pètèt yon moun nan kay la endike sentòm ki ka COVID-19. Vèsyon Preliminè: “Nan 2 a 14 jou ki sot pase yo èske oumenm oswa yon moun nan kay la te ekspoze nan viris COVID-19 epi/oswa ou gen sentòm COVID-19 annapre la yo?</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Lafyèw oswa frison ● Tous ● Souf kout oswa difikilte pou respire ● Fatig ● Doule nan misk oswa doule nan kò ● Maltèt ● Vin pa ka pran gou oswa pran sant ● Malgòj ● Konjesyon oswa nen k ap koule ● Kèplen oswa vomisman ● Dyare” 	<p><input type="checkbox"/> Ap fèt</p>
<p>Si sa posibil, mete anplas yon sistèm rezèvasyon pou restoran an. Sèvi ak sistèm rezèvasyon an pou kontakte kliyan ki gen rezèvasyon yo 24 èdtan anvan lè ki pwograme pou yo rive pou konfime rezèvasyon yo epi mande yo si yomenm oswa yon moun nan kay yo prezante nenpòt sentòm COVID-19. Si kliyan an reponn wi, yo dwe raple kliyan an ke li dwe vizite etablisman an sèlman si li pa poze yon risk pou sante lòt kliyan yo oswa pèsònèl restoran an. Kominikasyon sa yo ka fè pa mwayen aplikasyon, imèl, oswa tèks, si sa posibil.</p>	<p><input type="checkbox"/> Ap fèt</p>
<p>Sèvi ak yon Sistèm Notifikasyon pou ljan epi kenbe enfòmasyon pou pran kontak ki ajou pou anplwaye yo.</p>	<p><input type="checkbox"/> Ap fèt</p>
<p>Bay anplwaye yo ekipman pwoteksyon pèsònèl.</p>	<p><input type="checkbox"/> Ap fèt</p>
<p>Ankouraje travayè yo pou yo rapòte nenpòt pwoblèm sekirite ak sante.</p>	<p><input type="checkbox"/> Ap fèt</p>
<p>Fè kontwòl tanperati ak/oswa sentòm pou tout travayè yo nan kòmansman peryòd travay yo ak pou nenpòt founisè oswa kontraktè k ap antre nan etablisman an. Asire ke moun k ap fè kontwòl tanperati ak/oswa sentòm evite kontak pwòch avèk travayè yo nan tout limit sa posibil</p>	<p><input type="checkbox"/> Ap fèt</p>
<p>Si li pa posibil pou fè kontwòl tanperati sou plas, yo ka mete anplas pou fè pwòp kontwòl ou lakay ou. Asire ke kontwòl la fèt anvan travayè a kite lakay li pou peryòd travay li epi li swiv machaswiv CDC yo.</p>	<p><input type="checkbox"/> Ap fèt</p>

Si ou gen nenpòt kesyon sou rekòmandasyon operasyonèl Vil Boston pou biznis, patwon, ak pwopriyetè komèsyal yo konsènan estrateji pou retounen nan travay pou espas travay biwo yo, tanpri yon imèl bay reopening@boston.gov.



Lè sa posib, pèmèt fleksibilite nan lè travay yo dekwa pou anplwaye yo ka fè lanavèt nan moman ki pa gen ankonbreman.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Ankouraje anplwaye yo pou yo lave men yo byen vit otank posib lè yo antre nan espas travay la.	<input type="checkbox"/> Ap fèt

LIS KONTWÒL POU NETWAYAJ DEZENFEKSYON AK IJYÈN

Jesyon ak anplwaye restoran an dwe asire ke egzijans obligatwa netwayaj ak ijyèn sa yo anplas epi yo respekte yo toutan. Jesyon an dwe anvizaje tou pou mete anplas eleman yo ki endike kòm “Pi bon Pratik/Rekòmandasyon” lè sa apwopriye ak posib.

Egzijans obligatwa	Sitiyasyon
Tout travayè yo dwe lave men yo souvan epi sèvè tab yo dwe lave men yo oswa mete dezenfektan pou men ant chak entèraksyon avèk tab.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Asire aksè nan enstalasyon pou lavaj men sou plas, sa gen ladan savon ak dlo k ap koule, epi akòde tan brek sifizaman pou travayè yo lave men yo souvan; kòm lòt chwa, yo ka itilize dezenfektan pou men abaz alkòl ki gen 60% alkòl omwen.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Yo dwe mete disponib dezenfektan pou men abaz alkòl ki gen 60% alkòl omwen nan antre yo, sòti yo ak nan salamanje a.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Founi travayè yo nan pòs yo nan espas travay la pwodui netwayaj apwopriye (pa egzanp, dezenfektan, ti sèvyèt dezenfektan).	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Afiche siyalizasyon vizib nan tout sit la pou raple travayè yo ak kliyan yo pwotokòl yo pou ijyèn ak sekirite.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Bifè sèvi lib yo, bifè san siveyans yo, espas pla pou sèvi tèt ou, estasyon bwason, ak lòt zòn kominal sèvi yo dwe rete fèmen.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Kondiman ak pwodui menm jan (pa egzanp, sèl, pwav, ak sòs salad) pa dwe enstale davans sou tab yo epi yo dwe bay yo pito sou demann sèlman swa nan pòsyon yon sèl sèvis (pa egzanp, pakè oswa tas apa) oswa nan veso sèvis ki dezenfekte ant chak itilizasyon.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Meni yo dwe youn nan sa ki annapre la yo: papye, meni yon sèl itilizasyon ke yo elimine apre chak itilizasyon; 2) meni afiche (pa egzanp, dijital, tablo blan, tablo nwa); oswa meni elektwonik ke kliyan yo gade sou telefòn/aparèy mobil yo.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Istansil ak kouvè yo dwe swa pou yon sèl itilizasyon oswa yo dwe dezenfekte yo apre chak itilizasyon; istansil yo dwe anwoule oswa anbale. Pou diminye risk pou ekspozisyon, tab yo pa dwe ranje davans.	<input type="checkbox"/> Ap fèt



Yo dwe netwaye ak dezenfekte tab yo ak chèz yo delatètopye ant chak itilizasyon pou chita.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Netwaye souvan sifas moun manyen souvan yo nan twalèt yo (pa egzanp, chèz twalèt, manch pòt yo, manch kabin yo, lavabo, distribitè sèvyèt papyè, distribitè savon) epi annakò avèk machaswiv CDC yo.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Kenbe dosye netwayaj ki gen ladan dat, lè, ak dimansyon netwayaj la.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Fè dezenfeksyon souvan nan zòn anpil trafik ak sifas anpil moun manyen yo (pa egzanp, manch pòt, bouton asansè, eskalye yo).	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Aplike pwosedi pou ogmante netwayaj/dezenfeksyon nan kote kliyan pa wè yo. Evite tout sifas an kontak ak manje lè w ap itilize dezenfektan. Yo dwe netwaye sifas ki an kontak ak manje yo epi dezenfekte yo anvan itilizasyon avèk yon dezenfektan apwouve pou sifas ki an kontak ak manje. Sifas ki pa an kontak ak manje yo dwe netwaye souvan.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Sizoka yon travayè, kliyan oswa vandè prezime pozitif oswa pozitif reyèlman pou COVID-19, restoran an dwe fèmen imedyatman pandan 24 èdtan epi lè sa, yo dwe netwaye ak dezenfekte li annakò avèk direktiv aktyèl CDC yo anvan reouvèti.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Pi bon Pratik/Rekòmandasyon	Sitiyasyon
Louvri fenèt ak pòt yo pou ogmante sikilasyon lè kote sa posib.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Etabli yon pwotokòl Aksyon Repons pou netwaye espas kote te gen ka konfime enfeksyon ak/oswa ekspozisyon ak pou notifikasyon bay kowòdonatè espas travay la. <ul style="list-style-type: none"> • Si yo enfòmè jesyon an pou yon ka pozitif nan yon bilding, fèmen seksyon an nan bilding kote moun sa te gen aksè ladan pou fè yon netwayaj afon. 	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Entèdi tout kontak komen ekipman oswa founiti ant envite yo oswa travayè yo san sanitasyon ant itilizasyon yo.	<input type="checkbox"/> Ap fèt

LIS KONTWÒL KA KONFME YO

Ka COVID konfime pou anplwaye Restoran yo oswa kliyan anvan yo pral mande egzamen ak respè lis kontwòl sa a.

Egzijans obligatwa	Sitiyasyon
Si yo enfòmè patwon an pou yon ka pozitif nan espas travay la (sa gen ladan pou lòt anplwaye, envite, founisè, pèsònèl livrezon, oswa nenpòt moun ki gen aksè nan etablisman an), patwon an dwe enfòmè Konsèy Sante lokal (LBOH) kote espas travay la sitiye, epi kolabore avèk yo pou chèche kontak pwobab nan espas travay la epi konseye travayè yo ak lòt moun ki te petèt gen aksè nan espas la pou izole ak mete tèt yo an karantèn. Yo ka	<input type="checkbox"/> Ap fèt



<p>rekòmande pou fè tès pou lòt travayè ki te gen aksè nan menm espas la annakò avèk direktiv ak/oswa sou demann LBOH lan.</p> <p>Sizoka yon anplwaye enfòmè yon patwon pou yon ka COVID pozitif, patwon an dwe jwenn konsantman nan men anplwaye a pou li pataje enfòmasyon pèsònèl anplwaye a avèk Komisyon Sante Piblik Boston (Boston Public Health Commission, BPHC). Si patwon an pa resevwa konsantman pou pataje enfòmasyon anplwaye a, patwon an ka rele BPHC kanmenm pou jwenn konsèy jeneral sou fèmte ak idantifikasyon kontak pwòch yo. Patwon an pa kapab devwale enfòmasyon sou ka konfime a bay kontak pwòch yo akòz pwoblèm konfidansyalite. Lòt ajans sante piblik ki pa BPHC gendwa responsab fonksyon sa a selon anplasman ka ki konfime a.</p> <p>Lè y ap rele BPHC, patwon yo dwe kapab idantifye si anplwaye a te travay 48 èdtan anvan kòmansman sentòm yo oswa si li te san sentòm 48 èdtan anvan tès la. Patwon an dwe kapab idantifye tou si anplwaye a te mete yon pwoteksyon figi nan travay la, detay sou kondisyon travay yo, anplasman travay la (sètadi, andedan, deyò), pwoksimite ak lòt anplwaye oswa patisipan, nivo entèraksyon avèk piblik la, epi baryè oswa pwoteksyon figi ki te anplas.</p> <p>Patwon an ap ede LBOH lan idantifye anplwaye(yo) ki gendwa te gen kontak avèk ka konfime a. Patwon an ap enfòmè anplwaye sa yo sou nesese pou karantèn lan. Patwon an ak LBOH ap kontakte founisè swen sante ki afekte yo. Yo dwe ankouraje kontak ak yon ka konfime pou yo fè yon tès pou COVID-19. Nenpòt anplwaye ki idantifye kòm yon kontak pwòch pa dwe retounen nan travay pandan omwen 14 jou.</p>	
<p>Sizoka yon travayè, kliyan oswa vandè prezime pozitif oswa pozitif reyèlman pou COVID-19, restoran an dwe fèmen imedyatman pandan 24 èdtan epi lè sa, yo dwe netwaye ak dezenfekte li annakò avèk direktiv aktyèl CDC yo anvan reouvèti.</p>	<input type="checkbox"/> Ap fèt
<p>Pi bon Pratik/Rekòmandasyon</p>	<p>Sitiyasyon</p>
<p>Travayè ki teste pozitif pou COVID-19 pa dwe otorize retounen nan travay jiskaske yon pwofesyonèl medikal otorize yo kòm moun ki san sentòm pandan omwen 3 jou epi gen omwen 10 jou ki pase depi sentòm yo te premye parèt.</p>	<input type="checkbox"/> Ap fèt
<p>Yo dwe ankouraje nenpòt kliyan anvan ki te enfòmè operatè restoran an pou yon ka pozitif pou li kontakte LBOH lan. Operatè restoran an dwe kontakte tou nenpòt anplwaye ak kliyan (plizyè kliyan) koni ki gendwa te antre an kontak ak kliyan sa.</p>	<input type="checkbox"/> Ap fèt
<p>Kenbe ak egzamine dosye kliyan yo ak anplwaye yo jan sa nesese pou jwenn enfòmasyon pou soutni efò pou chèche kontak yo.</p>	<input type="checkbox"/> Ap fèt